

FÒMILÈ POU POTE PLENT SOU ENTÈNÈT 24 SOU 24
WWW.FLORIDAPSC.COM

Pwogram Link-Up Florida ak Lifeline Assistance

ap ede rann sèvis telefòn abòdab
pou kliyan ki p ap fè anpil lajan
nan Eta n abite a.

Link-Up Florida

ranbouse 50% sou frè pou konekte
sèvis telefòn (*rive \$30.00*).

Lifeline Assistance

bay yon rabè \$13.50 chak mwa
sou bòdwo telefòn kay.
Nan yon peryòd ennan,
sa ba w yon ekonomi
\$162.00.

Depatman Sèvis Piblik Eta Florid la
Vle tout moun ki kalifye, ki pa fè
anpil kòb, ki rete nan
Eta Florid, resevwa diskont sa yo.

OU DWE ENSKRI
POU W KA PRAN AVANTAJ SAA

Si w gen plis kesyon, tanpri telefone
Depatman Sèvis Piblik la (PSC) nan

1-800-342-3552.

Pwogram "LINK-UP FLORIDA" a ak
pwogram "LIFELINE ASSISTANCE"
lan

se pwogram Eta a ofri.

Se Depatman Sèvis Piblik Eta Florid
(Florida Public Service Commission)
ki apwouve yo.

Si w gen nenpòt kesyon, ou mèt telefone
Depatman Sèvis Piblik Eta Florid la,
Seksyon Kontwòl Konfòmite
ak Èd pou Konsomatè nan
1-800-342-3552,
voye kesyon pa faks nan
1-800-511-0809,

oswa kontakte FPSC a nan adrès imel sa a:
contact@psc.state.fl.us

Oubyen ekri yon lèt voye bay
Depatman Sèvis Piblik Eta Florid la,
Seksyon Kontwòl Konfòmite
ak Èd pou Konsomatè nan
2540 Shumard Oak Boulevard
Tallahassee, Florida 32399-0850

Tcheke paj akèy nou sou entènèt la nan
www.floridapsc.com

4/2011



EKONOMIZE LAJAN! SOU SÈVIS TELEFÒN POU KAY OU



Pwogram Link-Up Florida ak Lifeline Assistance

SA SE YON PIBLIKASYON
DEPATMAN SÈVIS PIBLIK ETA FLORID

KESYON ak REPONS

Èske m kapab sèvi ak pwogram “Link-Up” la ak pwogram “Lifeline” nan? Wi. Si w pa gen sèvis telefòn lakay ou, ou kapab enskri pou tou de pwogram yo. Si w gen sèvis telefòn deja, ou kapab toujou enskri nan “Lifeline” nan.

Èske pi fò konpayi telefòn ofri pwogram “Link-up Florida” a ak pwogram “Lifeline” nan? Wi. Konpayi ki bay pi fò moun ki rete Florid sèvis telefòn, ofri tou de pwogram yo, ata kèk konpayi telefòn pòtab tou.

Èske yo kapab koupe sèvis lokal sou telefòn “Lifeline” mwen an si m gen bòdwo mwen dwe pou apèl long distans? Non. Men, yo kapab bloke sèvis long distans ou.

Mwen pa gen sèvis telefòn kounye a poutèt mwen poko peye yon ansyen bòdwo telefòn. Epi tou mwen pa gen bon kredi. Èske mwen kab toujou jwenn “Lifeline”? Wi. Konpayi telefòn nan kapab egzije w peye pa ti moso pou pati sèvis lokal ansyen bòdwo a. Si w pa t peye sa w dwe pou apèl long distans, ou ka oblije fè yo bloke apèl long distans sou telefòn ou.

Èske m dwe peye yon depo pou “Lifeline”? Si w fè yo bloke sèvis apèl long distans sou liy ou an, konpayi telefòn nan pa kapab fè w bay yon depo.

Ki sa k pral rive sèvis “Lifeline” mwen an apre m pa kalifye pou li ankò? Ou dwe rele konpayi telefòn ou an pou mande yo “Transitional Lifeline Assistance” (Èd “Lifeline” pou yon ti bout tan). Pwogram sa a se yon pwogram Eta a, li ba ou yon diskont 30% sou pri fiks yo fè moun peye chak mwa pou sèvis de baz pou kay yo. Ou kapab jwenn diskont sa a pou ennan apre ou pa kalifye ankò pou pwogram nòmral “Lifeline” nan.

Si mwen resevwa rabè “Link-Up” la oswa rabè “Lifeline” nan, èske sa ap ajri sou avantaj mwen jwenn nan lòt pwogram (paregzanp: kupon manje)? Non.

Èske byen mwen genyen, tankou si m gen yon machin, sa kapab fè lajan m ap touche a pa kalifye pou pwogram yo? Non

Èske m dwe rive yon sèten laj pou m sa kalifye pou pwogram “Link-Up” la ak pwogram “Lifeline” nan? Non. Granmoun tout laj ka kalifye.

ÈSKE MWEN KALIFYE?

WI, SI OU RESEVWA

ÈD ETA FLORID OSWA ÈD GOUVERNMAN FEDERAL

NAN:



OUBYEN

Wi, si kòb w ap touche a nan limit

REGLEMAN SALÈ YO:

Kantite moun ki nan kay la	Valè lajan nou fè nan kay la chak A N E*	Valè lajan nou fè nan kay la chak M W A*
1	\$16,335	\$1,361
2	\$22,065	\$1,839
3	\$27,795	\$2,316
4	\$33,525 **	\$2,794

* 150% limit povrete peyi Etazini

** Pou chak grenn moun anplis, ajoute \$5,730

Met sou sa, si ou rete sou yon bitasyon tribi Endyen leta federal rekonèt epi ou kalifye pou w resevwa èd nan men Biwo Dafè Endyen sou koze Asistans tanporè pou fanmi Endyen ki nan bezwen, nan Pwogram Sibvansyon Head Start oswa nan Pwogram NSL la, ou kalifye pou w antre nan pwogram LIFELINE ASSISTANCE pwolonje a.

KI JAN POU M ENSKRI?

SI OU RESEVWA

ÈD ETA FLORID OSWA ÈD GOUVERNMAN FEDERAL:

Premyèman, si ou pa gen sèvis telefòn lakay ou, w ap bezwen kontakte yon konpayi nan zòn bò lakay ou ki bay sèvis telefòn lokal pou yo vin mete sèvis telefòn pou ou, apre sa enskri nan pwogram “Link-up Florida” a ak pwogram “Lifeline Assistance” lan.

Ou gen sèvis telefòn deja? Sa fasil pou w enskri. Ou kapab rele konpayi telefòn ou an epi mande yo ede w enskri nan pwogram “Lifeline Assistance” lan.

OUBYEN

Ale nan paj wèb “Lifeline” sou sit wèb PSC a nan www.floridapsc.com/utilities/telecomm/lifeline pou w kab enskri sou entènèt oswa pou w kab jwenn yon fèy enskripsyon pou mete sou papye.

Ou vle enskri sou entènèt? Annik sèvi ak Enskripsyon Elektwonik an liy “Lifeline” nan pou kab ranpli enskripsyon sou entènèt la epi klike kote ki make “Submit” la (Voye ale) pou w kapab voye enskripsyon w lan dirèkteman bay konpayi telefòn ou an.

Ou vle voye enskripsyon ou an pa lapòs oswa pa faks? Annik enprime Fòmilè Sètifikasyon “Link-up Florida” ak “Lifeline” nan. Apre sa, ranpli fèy enskripsyon an epi voye l bay konpayi telefòn ou an pa lapòs oswa pa faks nan adrès oswa nan nimewo faks ki nan fèy enskripsyon an pou konpayi telefòn ou an.

OUBYEN

Si se premye fwa w ap enskri oswa si w ap resètifye nan Depatman Eta Florid pou Timoun ak Fanmi (DCF) pou wè si w kalifye pou w resevwa:

- ◆ Èd lajan tanporè
- ◆ Foudstèp
- ◆ Mediked

Apre sa

Ou kapab chwazi pou yo enskri w otomatikman pou pwogram Link-Up Florid a oswa pwogram “Lifeline” nan lè w al enskri nan Depatman pou Timoun ak Fanmi an.

WI, SI KÒB W AP TOUCHE NAN LIMIT

REGLEMAN SALÈ YO:

Rele **1-800-540-7039** Biwo Konsèy Piblik la “Office of Public Counsel” nan Talaasi epi mande pou yo ede w enskri nan pwogram “Link-up Florida” a ak pwogram “Lifeline” nan.

OUBYEN

Telechaje yon fèy enskripsyon nan www.floridaopc.gov/lifeline.cfm epi voye l pa lapòs nan Biwo Konsèy Piblik la, sèvi ak adrès ki make anba sou fèy enskripsyon an.